

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Salaku generasi ngora nu neruskeun perjuangan bangsa, geus kuduna apal kana sajarah bangsa sorangan. Bakating ku pentingna, Presiden Soekarno ngawanohkeun istilah *Jas Merah*, singgetan tina *jangan sekali-kali melupakan sejarah*. Nyalusur tapak sajarah bangsa salian ti ngaliwatan buku atawa literatur nu bisa dipercaya, ogé bisa ngaliwatan karya sastra. Tradisi nulis unsur-unsur sajarah jeung kapahlawanan geus aya ti jaman sastra klasik nepi ka sastra modern.

Karya sastra mibanda sipat ogé mimésis, nyaéta mangrupa “tiruan” kahirupan manusa. Salasahiji wangun karya sastra nyaéta novél. Novél bisa ngahirupkeun palaku katut karakteristikna, laluasa ngadéskripsikeun kajadian. Kamekaran karakter, kaayaan sosial lingkungan anu pinuh ku konflik, hubungan jeung karakter séjén, jeung kajadian di waktu nu geus kalarung ditémbongkeun sacara spésifik (Stanton, 2012, kc. 90). Bebeneran nu kajadian dina novél mangrupa bebeneran nu diciptakeun ku pangarang, sanajan dina kanyataanana, carita nu aya dina novél asalna tina fakta.

Salasahiji carita sajarah Sunda anu ditulis dina wangun novél nyaéta ngeunaan Perang Bubat. Perang Bubat mangrupa kajadian anu ngalégénda antara rombongan pipanganténeun ti Karajaan Sunda jeung pasukan anu diluluguan ku Gajah Mada. Ieu perang kajadian dina masa pamaréntahan Maharaja Linggabuana (1350-1357). Disebut Perang Bubat lantaran ieu perang lumangsung di Palagan Bubat (Achmad, 2019. kc.24). Ekajati dina Hidayat dina Supriatin (2018, kc. 55) néétlakeun yén Perang Bubat nyaéta kajadian sajarah nu kungsi kajadian dina abad ka-14, nu ngalibetkeun Karajaan Sunda jeung Karajaan Majapait. Disebut kajadian sajarah, lantaran Perang Bubat kacatet dina sababaraha sumber tradisional historiografi Nusantara, saperti dina kitab *Pararaton*, *Kidung Sunda*, *Kidung Sundayana*, jeung *Carita Parahiyangan*. Nurutkeun Supriatin, (2018, kc. 56), ayana karya sastra nu miboga téma Perang Bubat, bisa ngabuktikeun yén

Ayu Sari Andini, 2021

NOVÉL PERANG BUBAT KARYA AAN MERDEKA PERMANA DAN KUMPULAN CERITA PERANG BUBAT KARYA SRI WINTALA ACHMAD

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Perang Bubat meunangkeun “perhatian” teu ngan ukur ti masarakat jaman harita, tapi ogé nepi ka masarakat modéren ayeuna.

Perang Bubat bisa kajadian lantaran kahayang Hayam Wuruk, raja Majapait nikah ka putri mahkota Sunda, Dyah Pitaloka Citraresmi. Tujuanana nyaéta pikeun maheutkeun deui tali duduluran antara Sunda jeung Majapait. Ieu pamaksudan dirojong ku kolotna, Tribhuwana Tunggadewi. Maharaja Linggabuana narima lamaran tur nganteurkeun Dyah Pitaloka Citraresmi salaku pipanganténeun Hayam Wuruk ka Majapait. Manéhna ogé miharep hubungan duduluran Sunda jeung Majapait beuki paheut. Tapi, Gajah Mada salaku Mahapatih Majapait boga kapentingan anu bédha. Gajah Mada mikahayang Dyah Pitaloka minangka upeti, tanda talukna karajaan Sunda ka karajaan Majapait. Alesanana, nyaéta pikeun nyumponan Amukti Palapana. Lantaran harita, ngan karajaan Sunda anu can jadi nagara cangkingan Majapait. Ku ayana ieu perang, hubungan duduluran antara Sunda jeung Majapait anu satadina dipiharep beuki raket, kalah jadi pegat. Majapait leungiteun dulurna, Sunda leungiteun raja, permaisuri, putri mahkota katut rombongan anu nganteur ka Majapait.

Novél anu dipaké jadi objek dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana anu satuluyna disingget PBAMP jeung kumpulan carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad anu satuluyna disingget PBSWA. Dina kumpulan carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad aya sababaraha transliterasi naskah anu medar ngeunaan carita Perang Bubat, diantarana *Kidung Sunda*, *Serat Pararaton jeung Carita Parahyangan*. Lian ti transliterasi naskah, dina ieu buku ogé aya carita faksi ngeunaan Perang Bubat anu judulna *Mendung di Langit Bubat*. Ieu dua buku matak ngirut pikeun ditalungtik ku panalungtik lantaran mibanda téma nu sarua, nyaéta kajadian Perang Bubat. Lian ti éta, novél PBAMP boga carita nu bédha ngeunaan Perang Bubat. Umumna dicaritakeun, Gajah Mada jadi lalakon utama anu ngabalukarkeun kajadian Perang Bubat, tapi dina ieu novél mah Gajah Mada téh dijadikeun “tumbal” nagara sangkan euweuh deui perang nu leuwih gedé diantara dua karajaan. Sedengkeun *Mendung Langit Bubat* dina PBSWA, kajadian Perang Bubat mangrupa siasat Gajah Mada lantaran manéhna teu narima kanyaah haténa, Dyah Pitaloka,

dipimilik ku Hayam Wuruk. Transliterasi naskah *Kidung Sunda, Serat Pararaton jeung Carita Parahyangan* nyaritakeun Perang Bubat bédá-béda. Dina transliterasi naskah *Kidung Sunda*, dicaritakeun yén kajadian Bubat mangrupa ide Gajah Mada nu teu narima rajana nikah jeung putri ti raja vasal/lokal. Transliterasi naskah *Serat Pararaton* nyaritakeun Perang Bubat bisa kajadian lantaran Gajah Mada teu resep ningali kasombongan Sunda nu loba paménta tapi embung nyumponan paménta Majapait sabada narima panglamar. Sedengkeun dina transliterasi naskah *Carita Parahyangan*, dicaritakeun lamun Perang Bubat téh bisa kajadian alatan dosa ngarempak adat karuhunna sorangan.

Aan Merdeka Permana, nyaéta sastrawan Sunda anu kungsi diléléir Hadiah Samsoedi. Novél PBAMP nyaritakeun kajadian Perang Bubat tina sawangan Gajah Mada. Dicaritakeun Gajah Mada mangrupa jalma biasa anu boga tekad buleud pikeun jadi abdi nagara. Tapi, manéhna disapirakeun ku Maharaja Linggabuana lantaran kasang tukangna anu teu jelas. Sanajan kuciwa, Gajah Mada beuki sumanget ngahontal cita-citana nepi ka diangkat jadi Mahapatih ku Hayam Wuruk, raja Majapait. Ahirna, Gajah Mada bisa ngabuktikeun ka urang Sunda anu geus nyapirakeun dirina. Tapi, Gajah Mada teu sadar yén aya palaku anu teu resep ka manéhna nu nyusun rencana jahat, nepi ka Perang Bubat bisa kajadian. Gajah Mada anu teu nyaho nanaon dianggap kudu tanggung jawab lantaran kalungguhanana salaku hulu jurit jeung mahapatih karajaan.

Kajadian Perang Bubat ngahinakeun ngaran Majapait. Ku kituna, Hayam Wuruk ménta hampura ka karajaan Sunda dina wangun naskah anu judulna *Kidung Sunda* (Achmad, 2019. kc. 26). Ieu naskah nyaritakeun yén Gajah Mada bakal dihukum ku Hayam Wuruk lantaran salaku pihak anu tanggung jawab kana kajadian Perang Bubat. Tapi saacan Gajah Mada dihukum, manéhna ngahiang ku cara moksa.

Serat Pararaton mangrupa karya anonim anu ditulis di Jawa taun 1513, taun awal nalika Sultan Agung ngawasa Mataram Islam (Mataram Anyar). Raja Mataram kaopat nu mimiti ngalakukeun ékspansi di wewengkon Jawa Timur, utamana Surabaya (Achmad, 2019. kc. 111). Dina ieu naskah, dicaritakeun ngeunaan perang antara rombongan pipanganténeun ti Sunda ngalawan pasukan

Majapait nu dikomandoan ku Gajah Mada. Perang Bubat dibalukarkeun ku lantaran raja Sunda teu narima lamun anakna dijadikeun upeti tanda talukna Sunda ka Majapait anu ahirna perang di Palagan Bubat kajadian. Ningali sakabéh rombongan Sunda tariwas, Dyah Pitaloka nelasan manéh, Hayam Wuruk kacida sedihna. Hayam Wuruk tuluy ngahukum Gajah Mada. Tapi saméméh dihukum ku uwa Raja Hayam Wuruk, Raja Daha Jeung Raja Kahuripan, Gajah Mada ngahiang.

Carita Parahyangan mangrupa karangan Pangéran Wangsakerta. Dina data sajarah, ieu naskah ditulis dina abad ka-16, tapi aya ogé nu nyaritakeun yén ieu naksah ditulis saacan, salila, jeung sabada runtuhna Majapait (Achmad, 2019. kc. 113). Ieu naskah nyaritakeun tanah Sunda jeung raja-raja nu ngawasa di tatar Sunda. Dina ieu naskah ogé dicaritakeun ngeunaan kajadian Perang Bubat. Tapi, dina ieu naskah, Gajah Mada teu disalahkeun kana kajadian Perang Bubat. Ieu naskah nyalahkeun Dyah Pitaloka lantaran ngan hayang kawin ka orang Jawa.

Salian tilu transliterasi naskah di luhur, dina PBSWA ogé aya carita fiksi ngeunaan Perang Bubat anu judulna *Mendung di Langit Bubat*. Ieu carita nyaritakeun Hayam Wuruk anu dititah nyumponan wasiat karuhunna, nyaéta mageuhan deui duduluran jeung Sunda. Ku kituna, kolot Hayam Wuruk méré solusi sangkan kawin politis jeung Dyah Pitaloka Citraresmi, putri mahkota Sunda. Mahapatih Majapait, Gajah Mada teu sapanuju, lantaran manéhna bogoh ka Dyah Pitaloka. Ku kituna, Gajah Mada nyieun siasat pikeun ngagagalkeun jatukrami Hayam Wuruk jeung Dyah Pitaloka, nepi ka Perang Bubat kajadian.

Panalungtikan ngeunaan struktural jeung sastra bandingan kungsi dilaksanakeun saacanna ku sababaraha panalungtik dina skripsi, diantarana: “Babandingan Struktural Carita Drama Nyi Bagendit jeung Dongéng Sasakala Situ Bagendit pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di kelas VII SMP” ku Saepul Mubaroq, “Motif Cai pikeun Ubar dina Dongéng Sunda jeung Dongéng Nagara Luar” ku Nesa Wara Puspita, “Babandingan Naskah Setra Karesmen Lutung Kasarung Karya Sayudi jeung Naskah Gending Karesmen Purbasari Ayuwangi Karya Hato’an Wangsasenjaya” ku Tyas Nastiti Puri. Sedengkeun panalungtikan ngeunaan Perang Bubat diantarana: “Analisis Struktural Novél

Perang Bubat Karangan Yoseph Iskandar” ku Triane Swara Tarasaty jeung “Babandingan Fakta Carita dina Novél Dyah Pitaloka karya Aan Merdeka Permana jeung Puisi Naratif Citraresmi Menyayat Perang Bubat karya Eddy D Iskandar” ku Syifa Maulinda Zakiyah,

Nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta ieu panalungtikan ngaguar sasaruaan jeung békédaan novél Perang Bubat karya Aan Merdeka Permana jeung Perang Bubat karya Sri Wintala Achmad. Nu ditalungtikna nyaéta struktur carita nu aya dina novél Perang Bubat karya Aan Merdeka Permana jeung Perang Bubat karya Sri Wintala Achmad.

Dumasar pedaran di luhur, ieu panalungtikan téh judulna “Novél Perang Bubat Karya Aan Merdeka Permana jeung Kumpulan Carita Perang Bubat Sri Wintala Achmad (Ulikan Struktural jeung Sastra Bandingan).”

1.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun ku kalimah pananya ieu di handap.

1. Kumaha struktur carita dina novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana?
2. Kumaha struktur carita, fakta jeung data sajarah nu aya dina Kumpulan Carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad?
3. Kumaha babandingan carita *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung Kumpulan Carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah anu dipedar saacanna, ieu panalungtikan boga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan ieu panalungtikan sacara umum nyaéta pikeun nambahann pangaweruh ngeunaan kajadian bersejarah di tatar Sunda, hususna ngeunaan

Perang Bubat tina karya sastra jeung buku nu dieuyeuban ku literatur sumber sajarah ngeunaan Perang Bubat.

1.3.2 Tujuan Husus

- a. Ngajéntrékeun struktur carita dina novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana.
- b. Ngajéntrékeun struktur carita, fakta jeung data sajarah dina Kumpulan Carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad.
- c. Ngabandingkeun carita *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan kabagi jadi tilu, nyaéta mangpaat tina segi tioritis, jeung praktis.

1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis

Mangpaat téoritis ieu panalungtikan nyaéta nambahán kabeungharan panalungtikan dina widang sastra, hususna dina kajian sastra bandingan. Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta sasaruaan jeung bbédaan struktur carita dina Novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung Kumpulan Carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Praktis

- a. Pikeun panalungtik, bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina paélmuan anu ditalungtik. Ieu panalungtikan ngeunaan kajian sastra bandingan, kahareupna bisa ditalungtik deui leuwih teleb.
- b. Pikeun panalungtik satuluyna, bisa dijadikeun référénsi nu patali jeung struktural jeung sastra bandingan.
- c. Pikeun masarakat, bisa nambahán pangaweruh ngeunaan kabeungharan hasanah sastra Sunda nu diulik, utamana ngeunaan novél sajarah *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana ogé ngeuyeuban informasi ngeunaan Perang Bubat dumasar kana literatur sumber sajarah ngeunaan Perang Bubat.

1.5 Sistematika Tulisan

Ieu panalungtikan disusun jadi lima pedaran, nyaéta ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan sarta mangpaat panalungtikan. Tujuan panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus. Sedengkeun mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis, jeung mangpaat praktis. Dina bab I ogé dipedar ngeunaan raraga tulisan skripsi secara sistematis.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan tiori-tiori anu jadi dasar jeung ngarojong panalungtikan. Dina ieu bagian, dipedar ngeunaan tiori struktural Robert Stanton jeung tiori sastra bandingan Suwardi Endaswara anu bakal ngajawab rumusan masalah.

Bab III Métode Panalungtikan, eusina ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, cara ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, eusina ngadadarkeun hasil jeung pedaran analisis data anu ngajawab rumusan masalah, nyaéta medar ngeunaan struktur carita Novél *Perang Bubat* Karya Aan Merdeka Permana jeung Kumpulan Carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad, ogé kumaha babandingan antara struktur carita Novél *Perang Bubat* Karya Aan Merdeka Permana jeung Kumpulan Carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad.

Bab V Kacindekan Implikasi jeung Rékoméndasi, eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan. Lian ti kacindekan, aya ogé implikasi jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.

